

POLITIK SOU FONDASYON AK ANGAJMAN FONDAMANTAL YO KWAYANS AK ANGAJMAN ADMINISTRASYON LEKÒL PROVIDENCE LA

Objektif	Konsantre refòm ak restriktirasyon global Lekòl Biblik Providence yo sou reyisit pou tout elèv yo.
Pwoblèm	<p>Providence, menm jan ak tout distri lekòl iben yo, fè fas ak difikilite nan edike tout elèv nou yo pou mennen yon lavi ki reyisi. Anpil nan difikilite sa yo odela kontwòl nou epi yo mande chanjman nan politik piblik la. Men nou p ap itilize sa ki odela kontwòl nou kòm yon ekskiz pou nou pa fè tout sa ki sou kontwòl nou.</p> <p>Lekòl iben yo genyen yon opòtinite inik ak yon obligasyon pou ede chak elèv—san konsidere ras, revni, sipò familyal, premye lang, oswa ansyen avantaj edikatif—pou reyalize Rèv Ameriken an. Nou aksepte opòtinite ak obligasyon sa a. Edikasyon se yon dwa. Nou pran obligasyon moral nou an oserye pou wè ke chak elèv resevwa edikasyon yo genyen dwa ak yo a.</p> <p>Lekòl piblik yo, kontrèman ak antrepriz oswa lekòl ki pa lekòl piblik yo, yo pa chwazi moun pou sèvi. Nou sèvi tout elèv nou yo—rich ak pòv, majorite ak minorite, elèv ki genyen fanmi yo ki te prepare yo byen pou lekòl ak elèv ki pa te janm ale lekòl, elèv ki genyen fanmi yo ki te vini nan peyi nou an sa genyen kèk jenerasyon pase ak elèv ki fèk rive yo. Popilasyon divèsifye nou an defye kapasite nou pou sèvi elèv ak fanmi yo nan fason nou pa te janm fè sa operavan. Men nou konsidere divèsite nou an kòm yon atou: elèv nou yo benefisyé de lè nou aprann ansanm ak lè nou aprann nan men youn lòt.</p> <p>Lekòl nou yo ka epi dwe fè yon gwo diferans nan lavi elèv nou yo, men yo pa ka fè sa poukont yo. Tout kominate a—lekòl yo, distri a, fanmi yo, patnè yo, biznis—yo tout responsab reyisit elèv nou yo yon fason kolektif. Lekòl nou yo dwe sèvi kominate nou an, epi kominate nou an dwe soutni lekòl nou yo. Sipò eskolè pou kominate a ak sipò kominotè pou lekòl yo ogmante kapital sosyal nou an epi apresa ogmante reyisit elèv nou yo.</p> <p>Pandan twò lontan, lekòl nou yo te lakoz twòp nan elèv nou yo echwe epi te chase elèv ki genyen mwayen ak lòt opsyon yo. Te genyen amelyorasyon pèfòmans pandan senk lane pase yo, men elèv nou yo kontinye travay nan nivo ki plis fèb nan tout peyi a, epi disparite selon ras, sitiasyon sosyo-ekonomik, ak premye lang yo toujou kontinye. Komisyón Lekòl Providence lan genyen detèminasyon pou chanje sa. Lekòl Providence yo dwe vin lekòl premye chwa, se pa dènye opsyon, pou tout fanmi nou yo.</p>
Valè Fondamantal	Respè, ekite, ekselans, responsabilite, ak apresyasyon pou divèsite nou
Vizyon	Distri Lekòl Biblik Providence lan se pral yon lidè nasyonal nan edike jèn iben yo.
Mision	Lekòl Providence yo pral prepare tout elèv yo pou reyisi nan kolèj ak invèsite nan tout peyi a, epi nan pwofesyon yo chwazi yo.

Kwayans ak Angajman

- Nou kwè tout elèv Providence yo ka epi dwe aprann nan nivo siperyè, atenn tout potansyèl yo, epi reyisi nan lekòl ak nan lavi**
Nou kwè—

Lekòl Biblik Providence yo,
Rhode Island

- ✓ Potansyèl aprantisaj la pa ni fikse nan nesans epi pa ni detèmine selon ras oswa sitiyasyon sosyo-ekonomik; li devlope ak letan avèk opòtinite, defi, ak efò.
- ✓ Reyisit pa sèlman genyen ladan akonplisman akademik, men genyen tou devlopman sosyal, emosyonèl, fizik, sikolojik, ak devlopman moral.
- ✓ Reyisit vle di kontribye nan soyete nou an epi patisipe nan lavi sivik la.
- ✓ Lekòl yo dwe kiltive yon lanmou pou aprann, pou anseye elèv yo fason pou aprann, ak pou ede elèv yo devlope talan yo.
- ✓ Disparite nan akonplisman akademik ansanm selon kritè rasyal ak kritè ekonomik yo pa tolerab sou plan moral.
- ✓ Bon kalite ansèyman, tan ki apwopriye, ak bon jan sipò ka ede chak elèv reyisi.

Nou angaje nan kreye kondisyon pou tout elèv yo aprann nan nivo siperyè ak nan tout potansyèl yo; nou angaje nan konble eka ki genyen nan reyisit la.

Nou pral—

- ✓ Defye chak elèv epi kenbe tout elèv yo nan menm atant ki klè ak atant ki elve yo.
- ✓ Kreye aprantisaj ki aktif, kominote aprantisaj dinamik ki genyen opòtinite akademik, ak opòtinite paraskolè ki solid.
- ✓ Mezire reyisit elèv la selon sa li aprann, men pa sèlman selon yo anseye I.
- ✓ Bay elèv yo plizyè opòtinite ak opsyon pou yo reyisi.
- ✓ Kreye kominote lekòl ki fonde sou konfyans ak respè.
- ✓ Ankouraje sante ak byennèt elèv yo.
- ✓ Fòme patenarya estratejik avèk òganizasyon ekstèn yo pou amelyore sèvis sipò elèv yo.

2. Nou kwè ke pwofesè Providence yo ak lekòl Providence yo ka epi dwe genyen yon enfliyans pozitif ak yon efè ki pwofon sou lavi elèv nou yo.

Nou kwè—

- ✓ Relasyon elèv-pwofesè a twouve I nan sant aprantisaj la.
- ✓ Pwofesè ki efikas la asime responsabilite pou sa ki rive nan saldeklas la ak responsabilite pou sa chak elèv aprann.
- ✓ Anfen se pwofesè a ki fè diferans ant reyisit ak echèk elèv la.
- ✓ Lekòl yo egziste pou sipòte relasyon elèv-pwofesè a; distri a egziste pou sipòte lekòl yo.

Nou angaje nou pou òganize lekòl nou yo ak tout resous nou yo pou sipòte relasyon elèv pwofesè a antanke faktè prensipal nan reyisit elèv la.

Nou pral—

- ✓ Genyen yon pwofesè ki wotman efikas nan chak saldeklas.
- ✓ Genyen yon lidè pedagojik kòm direktè nan chak lekòl.
- ✓ Defini politik epi bay resous pandan y ap poze kesyon sou fason desizyon nou yo pral ede elèv nou yo aprann.

3. Nou kwè ke lekòl Providence yo ka epi dwe rete bon espas pou anseye ak bon espas pou aprann.

Nou kwè—

- ✓ Lekòl yo dwe anviwònman ki san danje, ki pran bay swen, ak anviwònman òdone ki nouri ansèyman ak aprantisaj ki efikas.
- ✓ Lekòl yo dwe valorize divèsite pamí elèv yo, manm pèsonèl la, ak fanmi yo.
- ✓ Elèv yo, manm pèsonèl la, ak patnè kominotè yo dwe demonstre kondwit ki baze sou konfyans, sou moral, ak kondwit ki pa baze sou diskriminasyon.

Nou angaje nou pou kreye lekòl ki genyen kilti pozitif epi lekòl yo dwe loje nan

Lekòl Piblik Providence yo,
Rhode Island

etablisman wot kalite yo.

Nou pral—

- ✓ Mentni lekòl ki atiran, ki pwòp, ak lekòl ki sekirize
- ✓ Renove oswa ranplase batiman yo jan sa nesessè pou fè adapte aprantisaj 21 yém syèk la epi sèvi kòm pwen ankraj pou kominote yo.
- ✓ Enfòme elèv yo, manm pèsonèl la, paran yo, ak patnè kominotè yo konsènan atant nòm konpòtman ki klè epi ki elve.

4. Nou kwè ke distri lekòl Providence lan ka epi dwe yon òganizasyon ki travay trè byen.

Nou kwè—

- ✓ Moun ak objektif pote gwo pèfòmans.
- ✓ Nou dwe kapte kè ak lespri moun nou yo avèk yon vizyon ki klè epi ki konvenkan pou reyisit elèv yo ak opòtinite pou patisipasyon, kolaborasyon, travay an ekip, ak priz desizyon pataje.
- ✓ Nou dwe genyen lidèchip vizyonè ak lidèchip ki distribye epi konsantre san kanpe sou rezulta yo.
- ✓ Nou dwe bay rezulta ki ka mezire an retou pou angajman resous piblik yo.

Nou angaje nou nan òganize Depatman Lekòl Providence lan sou travay fondamantal li—ansèyman ak aprantisaj.

Nou pral—

- ✓ Rann tout distri a ak tout moun responsab pou reyisit elèv yo.
- ✓ Sible resous yo estrikteman sou priyorite distri a.
- ✓ Rekrite, devlope, sipòte, ak retni manm pèsonèl ki gen kalite ki plis elve yo.
- ✓ Eksplwate sistèm pedagojik ak sistèm komèsyal ki efikas yo.
- ✓ Itilize resous piblik yo yon fason efikas.

5. Nou kwè ke fanmi Providence yo ak tout kominote Providence lan ka epi dwe sipòte reyisit elèv nou yo.

Nou kwè—

- ✓ Fanmi yo se premye pwofesè pou elèv nou yo.
- ✓ Kominote nou an genyen resous kiltirèl ki rich pou sipòte edikasyon elèv nou yo.
- ✓ Sistèm lekòl la ak kominote a mityèlman responsab pou reyisit elèv yo.

Nou angaje nou pou fè patenarya avèk fanmi ak kominote yo nan fòme ak sipòte edikasyon elèv nou yo.

Nou pral

- ✓ Akeyi epi angaje fanmi yo ak kominote a kòm patnè ak patnè ki genyen anpil valè pou edikasyon.
- ✓ Etabli bon komunikasyon ant fanmi ak lekòl la pandan n ap bay fason ki janti pou paran yo kontakte nou epi pandan n ap kominiye avèk fanmi yo nan yon langaj ki klè, epi dirèk.
- ✓ Bay divès fason pou fanmi yo patisipe nan edikasyon timoun yo lakay la ak nan lekòl yo.
- ✓ Fè patenarya avèk kominote a pou konekte lekòl yo, elèv yo, ak fanmi yo avèk atou kominotè yo.

Istorisite	Adopte:	22 Novanm 2004 Rezolisyon # 11-22-04
	Amande:	11 Desanm 2006 Rezolisyon # 12-16-06
	Revize:	24 Janvye 2008